

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan nyaéta salasihiji cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2013 kc. 203). Sedengkeun nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 2) métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun nyangking data pikeun tujuan anu tangtu. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode deskriptif analitis ngagunakeun pamarekan kualitatif.


Nurutkeun Setyosari (2012, kc. 39) panalungtikan deskriptif analitis nyaéta panalungtikan anu tujuanana pikeun ngajéntrékeun hiji kaayaan, kajadian, obyék sarta hal-hal anu séjénna anu aya patalina jeung *variabel-variabel* anu bisa dipedar boh ku angka boh ku kalimah. Métode panalungtikan kualitatif nyaéta métode panalungtikan anu dilakukeun sacara alamiah sok disebut ogé métode ethnographi (Sugiyono, 2016, kc. 8).

Métode déskriptif analitis digunakeun pikeun medar ngeunaan pasualan anu ditalungtik sacara écés tur jéntré. Carana nyaéta ngaliwatan prosés ngumpulkeun data jeung ngaanalisis data-data anu ditalungtik sacara kritis luyu jeung fakta-fakta anu aya dilapangan. Ieu métode panalungtikan dipiharep bisa medar sacara lengkep ti mimiti ngumpulkeun data, nyusun klasifikasi data, ngaanalisis data ngeunaan tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga Désa Neglasari Kacamatan Salawu, Kabupatén Tasikmalaya dina widang kajian sémiotik.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan mangrupa rancangan konsép anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun prosés panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyieun kacindekan tina data-data hasil panalungtikan. *Desain* tina ieu panalungtikan bisa digambarkeun dina bagan ieu di handap.

**Tabél 3. 1**  
**Desain Panalungtikan**



### **3.2 Sumber Data, Lokasi Panalungtikan, jeung Subyéék Panalungtikan**

#### **3.2.1 Sumber Data Panalungtikan**

Sumber data panalungtikan nyaéta subyéék ti mana data panalungtikan bisa dicangking. Sumber data panalungtikan anu aya dina ieu panalungtikan nyaéta hasil wawancara ti sababaraha narasumber, hususna Kuncén Kampung Naga. Salian ti éta, anu jadi narasumber dina ieu panalungtikan nya éta kokolot atawa

sesepeuh anu aya di kampung Naga anu maham kana tradisi di Kampung Naga. Kitu ogé warga masarakat kampung Naga anu maham kana tradisi anu aya di Kampung Naga.

**Tabél 3. 2**  
**Sumber Data Panalungtikan**

| No. | Wasta        | Umur | Atikan | Kalungguhan              | Foto  |
|-----|--------------|------|--------|--------------------------|---|
| 1.  | Ade Suherlin | 61   | SMA    | Kuncén Kampung Naga      |   |
| 2.  | Maun         | 86   | SR     | Punduh Adat Kampung Naga |  |
| 3.  | Urya         | 28   | SMP    | Guide Kampung Naga       |  |

| No. | Wasta         | Umur | Atikan | Kalungguhan           | Foto  |
|-----|---------------|------|--------|-----------------------|---|
| 4.  | Ibu<br>Atikah | 70   | SR     | Warga<br>Kampung Naga |  |

### 3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi ieu panalungtikan nyaéta di Kampung Naga. Kampung Naga ayana di kéncaun jalan ti Garut ka Tasikmalaya. Ieu Kampung Naga lokasina ti Kota Kabupaten Tasikmalaya ka beulah kulon kurang leuwih 30 km, sedengkeun saupama ti Kota Garut ka beulah wétan kurang leuwih 26 km.



**Gambar 3. 1**  
**Lokasi Panalungtikan**

Saupama ti jalan raya mah, pikeun nepi ka Kampung Naga téh kudu ngaliwatan heula terminal Kampung Naga. Terminal di dieu hartina lain terminal anu lega, tapi terminal pikeun tempat parkir kendaraan anu rék wisata atawa aya kagiatan di Kampung Naga. Di puseur terminal Kampung Naga téh aya hiji

wangunan Kujang Pusaka. Éta wangunan Kujang Pusaka téh mangrupa wangunan anu jadi ciri atawa tanda yén Kampung Naga téh aya di daérah dinya.

Saupama ditilik tina segi topografi, Kampung Naga bentukna sarua siga endog. Di beulah kulon Kampung Naga rada luhur tibatan beulah wétan.

Kaayaan hawa di Kampung Naga kawilang tiis. Suhu di Kampung Naga aya diantara 21,5°C nepi ka 23°C, sedengkeun *kelembaban* udarana aya di antara 75% nepi ka 85%. Suhu Kampung Naga lumayaan tiis lantaran ieu kampung aya dina *ketinggian* 1200 meter ti *permukaan laut*.

Legana sakabéh wilayah Kampung Naga kurang leuwih 10 ha. Legana kurang leuwih 1,5 ha anu ngawengku tanah buruan imah jeung tanah anu diimahan. Sésa tanahna ngawengku leuweung, pasawahan jeung balong paranti miara lauk. Lantaran hawa di Kampung Naga tiis, sarta taneuhna subur, alus pikeun tatanén. Salian ti éta, Kampung Naga diliwatan ku walungan, anu ngajadikeun pasawahan anu aya di Kampung Naga henteu pernah kakurangan cai (kasaatan).

### **3.2.2.1 Letak Géografis jeung Tata Letak Kampung Naga**

Pikeun nepi ka kampung Naga, hiji-hijina aksés nyaéta ngaliwatan jalan leutik. Ieu jalan leutik téh mangrupa tétécéan anu geus dicor ku semén jeung ku keusik. Ieu tétécéan téh jumlahna kurang leuwih aya 435 tétécéan (Suganda, 2006, kc. 16). *Kemiringan* ieu jalan tétécéan ti jalan raya téh kurang leuwih 45 derajat. Jalan tétécéan rada panjang ka handap, ka walungan Ciwulan. Sanggeus ti dinya mah jalan aksésna ngaliwatan jalan satapak anu sabagéan geus dicor jeung sabagéan deui henteu dicor (mangrupa taneuh). Ieu jalan satapak téh aya di sisi walungan Ciwulan.

Kampung Naga pernahna aya di hiji *lembah* anu kawilang subur, diapit ku pasir anu pinuh ku tatangkalan. Katitén pisan yén alam di sabudeureunana masih dijaga tur dirawat ku masarakatna. Kampung Naga ogé diliwatan ku hiji walungan anu katelahna walungan Ciwulan. Ieu walungan Ciwulan téh sumber caina ti Gunung Cikuray anu aya di Kabupatén Garut.

Sacara administratif Kampung Naga asup ka wilayah Désa Neglasari Kacamatan Salawu Kabupatén Tasikmalaya. Désa Neglasari miboga opat dusun. Éta dusun téh nyaéta dusun Naga, dusun Sukaratu, dusun Cikeusik, jeung dusun

Tanjak Nangsi. Anapon Kampung Naga asup ka wilayah Dusun Naga. Ieu dusun Naga téh ngawengku opat RT, nyaéta Kampung Naga, Legokdagé, Babakan, Pondokwaru, jeung Bantarsari. Kampung Naga téh ayana di RT 01, RW 01.

Jauhna Kampung Naga ka pusat pamaréntahan Désa Néglasari kurang leuwih 800 meter. Sedengkeun jauhna ka pamaréntahan Kacamatan Salawu kurang leuwih 5 km. Upama jauhna ka pamaréntahan Ibu Kota Provinsi Jawa Barat mah kurang leuwih 160 km.

Kampung Naga miboga sababaraha wates wilayah. Anapon di beulah kalér diwatesanan ku Kampung Nangtang, Désa Cigalontang. Di beulah kidul Kampung Naga diwatesanan ku walungan Ciwulan. Di beulah kulonna diwatesanan ku leuweung larangan (makam luluhur) jeung daérah Babakan. Sedengkeun di beulah wétan diwatesanan ku walungan Ciwulan. Wates alam anu aya di Kampung Naga nyaéta ayana walungan Ciwulan sarta leuweung larangan. Ieu leuweung larangan téh mangrupa wates antara Kampung Naga jeung Kampung Babakan.

Walungan Ciwulan sumber caina ti Gunung Cikuray anu aya di daérah Garut. Ieu walungan téh digunakeun pikeun nyaian pasawahan anu lokasina leuwih handap ti walungan Ciwulan. Pikeun wates Kampung Naga, dipager ku awi meunang nganyam. Jangkungna kurang leuwih 1,5 meter. Ieu pager awi téh biasa ogé disebut "Kandang Jaga". Ieu pager ogé miboga fungsi salaku wates wilayah anu kawilang sakral. Ieu hal dilantarankeun yén dina prosés ngaganti pagerna ogé kudu babarengan jeung prosés salametan atawa sukuran. Prosés ngaganti pagerna dilaksanakeun dina sataun sakali nya éta dina sasih Mulud. Alesanana lantaran dina ieu sasih Mulud téh mangrupa hiji sasih pikeun ngaberesihkeun diri masarakatna.

### **3.2.2.2 Kondisi Sosial Budaya Kampung Naga**

Kondisi sosial budaya Kampung Naga bisa ditilik tina tujuh aspék unsur budaya. Nurutkeun Koentjaraningrat (2014, kc. 80) unsur kabudayaan téh nyaéta: agama, sistem kamasarakatan, atikan, basa, pakasaban, jeung sistem pakakas kahirupan. Tujuh unsur kabudayaan éta baris dipedar di handap.

### 1) Agama

Agama mangrupa hal anu paling utama dina kahirupan manusa. Kitu ogé anu aya di lingkungan masarakat Kampung Naga. Sakabéh warga masarakat anu aya di Kampung Naga ngagem agama Islam. Ieu hal ogé dicirian ku ayana masjid tempat ibadah umat Islam di tengah-tengah Kampung Naga. Salian ti éta, ditandaan ogé ku ayana upacara adat anu dilaksanakeun dina raraga miéling *hari-hari besar* anu aya di agama Islam.

### 2) Sistem Kamasarakatan

Sistem kamasarakatan anu aya di Kampung Naga nyaéta sistem kamasarakatan anu luyu jeung di lingkungan séjénna. Bédana di Kampung Naga mah aya nu disebut Kuncén jeung Punduh Adat. Kuncén mangrupa jalma anu dikolotkeun jeung miboga tugas pikeun mingpin sagala kagiatan anu aya di Kampung Naga. Sok sanajan kitu, aya ogé sababaraha tugas anu dilakukeun ku Punduh Adat ogé jeung tokoh-tokoh masarakat séjénna.

### 3) Atikan

Jaman kiwari atikan téh geus kawilang penting dina kahirupan masarakat di mana-mana. Sok sanajan dina kanyataanana masih aya masarakat anu kurang merhatikeun kana widang atikan. Masarakat anu aya di Kampung Naga miboga atikan anu béda-béda. Masarakatna aya nu sakola di SD, SMP, SMA jeung S1.

### 4) Basa

Basa mangrupa hal anu utama dina kahirupan manusa. Basa mangrupa alat pikeun komunikasi manusa jeung sasamana di lingkungan masarakatna. Dina kahirupan sapopoé, masarakat Kampung Naga ngagunakeun basa Sunda. Ieu hal ogé luyu jeung lokasi tempat Kampung Naga anu aya di wilayah tatar Sunda hususna Jawa Barat.

### 5) Kasenian

Unggal daérah tangtu miboga kasenian anu jadi ciri khasna séwang-séwangan, kitu ogé di Kampung Naga. Kasenianna diantarana terbang. Terbang mangrupa kasenian anu sok dilakukeun dina acara sunatan, boh di Kampung Naga boh di wilayah sabudeureun Kampung Naga.



## 6) Pakasaban

Sacara umum, masarakat di Kampung Naga pakasabanana ngawengku tani, dagang, jeung nyieun karajinan. Tapi lolobana mah pakasabanana nyaéta ngolah kebon ngolah sawah atawa istilah lainna mah nyaéta tatanén. Ari karajinan anu sok dijieunna, dijadikeun oléh-oléh khas anu aya di Kampung Naga.

## 7) Sistem Pakakas Kahirupan

Patali jeung pakakas, di Kampung Naga ogé miboga sababaraha pakakas anu digunakeun. Éta pakakas téh aya anu dijieun ku warga Kampung Naga, aya ogé anu meunang meuli ti luar kampung Naga. Ieu hal dilantarankeun masarakatna teu bisa nyieunna, saperti pakakas pikeun tatanén, atawa pikeun kabutuhan dapurna jeung kabutuhan sapopoéna.

### 3.3 Téknik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Téknik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan kabagi kana tilu téknik nya éta obsérvasi partisipatif, wawancara, jeung dokuméntasi.

##### 1) Obsérvasi partisipan

Ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik observasi-partisipasi. Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 226) dina obsérvasi partisipan panalungtik kalibet sacara langsung dina kagiatan-kagiatan sapopoé jalma anu baris ditalungtikna atawa jalma anu dijadikeun narasumber data panalungtikanana. Panalungtik ilubiung dina prak-prakan kagiatan anu ditalungtikna. Ku ayana obsérvasi partisipan, data bakal leuwih lengkep tur ma'na atawa harti tina data anu kacangking téh bisa leuwih kaharti.

##### 2) Wawancara

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 233) dina proses wawancara kudu nataharkeun instrumén salaku pedoman wawancara jeung ngagunakeun sababaraha alat bantu nyaéta: rékaman hp, buku catetan, jeung alat bantu séjén anu ngarojong kana panalungtikan.

##### 3) Dokuméntasi

Nurutkeun Sugiyono (2016, kc. 240) dokumén mangrupa catetan peristiwa anu geus kaliwang boh éta dina wangun tulisan, gambar, atawa karya monuméntal hiji jalma. Dokuméntasi mangrupa salasahiji téhnik ngumpulkeun



data kualitatif anu patali dina ngaanalisis obyék-obyék data anu ditalungtik. Fakta jeung data aya dina wangun gambar tina hasil dokuméntasi. Dina dokuméntasi ngabutuhkeun sababaraha alat bantu nyaéta hp (*handphone*) jeung kaméra (*camera*).

### 3.3.2 Téknik Ngolah Data

Data-data panalungtikan anu geus kakumpul ngaliwatan sababaraaha téknik ngumpulkeun data di luhur, satuluyna diolah jeung dianalisis ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditangtukeun. Téknik ngolah data dina ieu panalungtikan kabagi kana tilu bagéan diantaranya: (1) Téknik analisis déskripsi tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga, (2) Téknik analisis unsur sémiotik, jeung (3) Téknik Nyusun Bahan Ajar.

#### 1) Téknik Analisis Déskripsi Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga

Analisis déskripsi tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga ngawengku pedaran sajarah tradisi Hajat Sasih Mulud, tujuan jeung fungsi diayakeunana tradisi Hajat Sasih Mulud, sarata prak-prakan tradisi Hajat Sasih Mulud.

#### 2) Téknik Analisis Unsur Sémiotik

Analisis unsur sémiotik dina tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga ngawengku pedaran ulikan sémiotik dumasar tiori Peirce anu ngabagi tanda kana tilu bagéan, nyaéta: indéks, ikon, simbol dumasar kana tradisi Hajat Sasih Mulud.

#### 3) Téknik Nyusun Bahan Ajar

Analisis bahan ajar dina ieu panalungtikan ngawengku cara nangtukeun kritéria bahan ajar jeung nyusun bahan pangajaran maca dina wangun artikel.

## 3.4 Instrumén Panalungtikan

### 3.4.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa *fasilitas* anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawé jeung bisa meunangkeun hasil panalungtikan anu leuwih hadé (Arikunto, 2013, kc. 203). Anapon instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

#### 1) Instrumén Observasi

**Tabél 3. 3**  
**Instrumén Obsérvasi**

| No. | Indikator      | Anu diobsérvasi  |
|-----|----------------|--|
| 1.  | Pra Kagiatan   | 1) Hal-hal anu kudu disiapkeun saméméh tradisi Hajat Sasih Mulud dimimitian  |
| 2.  | Prak-Prakan    | 1) Prak-prakan Tradisi Hajat Sasih Mulud<br>2) Waktu lumangsungna Tradisi Hajat Sasih Mulud<br>3) Tempat dilaksanakeunana Tradisi Hajat Sasih Mulud  |
| 3.  | Pasca Kagiatan | 1) Hal-hal anu dilakukeun sabada kagiatan Tradisi Hajat Sasih Mulud dilaksanakeun  |
| 4.  | Palaku         | 1) Kuncén sarta Punduh adat Kampung Naga<br>2) Palaku dina ngalaksanakeun tradisi Hajat Sasih Mulud  |
| 5.  | Pakakas        | 1) Pakéan anu digunakeun ku kuncén, punduh adat, tokoh masarakat, sarta masarakat dina ngalaksanakeun Tradisi Hajat Sasih Mulud<br>2) Pakakas anu digunakeun dina ngalaksanakeun tradisi Hajat Sasih Mulud |

2) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara mangrupa salasihiji téknik ngumpulkeun data ku cara ngayakeun tanya jawab, boh sacara langsung atawa henteu langsung ka narasumber. Pedoman wawancara digunakeun dina ieu panalungtikan dina raraga nyangking data sacara lisan. Ieu pedoman wawancara digunakeun pikeun jadi pituduh nalika ngalakukeun wawancara ka narasumber anu geus ditangtukeun. Pedoman wawancara digunakeun pikeun nyangking data kagambar di handap.

**Tabél 3. 4**  
**Format Biodata Informan**

| <b>BIODATA INFORMAN</b> |   |
|-------------------------|---|
| Wasta                   | : |

Aisah Astuti, 2020

**HAJAT SASIH MULUD DI KAMPUNG NAGA DÉSA NEGLASARI KACAMATAN SALAWU KABUPATEN TASIKMALAYA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII (Ulitan Sémiotik)**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

|              |   |
|--------------|---|
| Umur (Yuswa) | : |
| Padumukan    | : |
| Kalungguhan  | : |
| Pakasaban    | : |
| Agama        | : |
| Atikan       | : |

**Tabél 3. 5**  
**Format Pedoman Wawancara**

| <b>Pedoman Wawancara</b>   |
|--|
| <ol style="list-style-type: none"> <li>1. Kumaha ngeunaan sajarah tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga?</li> <li>2. Iraha dilaksanakeunana ieu tradisi téh?</li> <li>3. Di mana dilaksanakeunana ieu tradisi téh?</li> <li>4. Naon alesanana ieu tradisi téh dilaksanakeunna di bulan Mulud?</li> <li>5. Naon tujuan diayakeunna tradisi Hajat Sasih Mulud?</li> <li>6. Naon fungsi diayakeunna tradisi Hajat Sasih Mulud?</li> <li>7. Naon waé kagiatan dina tradisi Hajat Sasih Mulud téh?</li> <li>8. Saha anu mingpin ieu tradisi adat Hajat Sasih Mulud?</li> <li>9. Saha waé pihak anu ilubiung dina kagiatan tradisi Hajat Sasih Mulud?</li> <li>10. Saupama tradisi Hajat Sasih Mulud teu dilaksanakeun, naha aya balukarna henteu keur masarakat?</li> <li>11. Saacan ngalaksanakeun kagiatan tradisi Hajat Sasih Mulud naon anu kudu ditataharkeun?</li> <li>12. Pakéan anu kumaha anu digunakeun dina ngalaksanakeun tradisi Hajat Sasih Mulud?</li> <li>13. Aya pakéan anu husus kanggo sesepuh Kampung Naga?</li> <li>14. Kumaha runtuyan acara dina kagiatan tradisi Hajat Sasih Mulud?</li> <li>15. Kumaha prak-prakanana ngadamel tumpeng dina tradisi Hajat Sasih Mulud?</li> <li>16. Naon waé hal-hal anu kudu disiapkeun sateuacan nyieun tumpeng?</li> <li>17. Alat naon waé anu digunakeun dina ngadamel tumpeng?</li> <li>18. Saha waé anu gadu'akeun tumpengna?</li> <li>19. Jam sabaraha éta tumpeng didu'akeun?</li> </ol> |

20. Pakéan anu kumaha anu digunakeun ku anu ngadu'akeun tumpeng?
21. Kumaha prak-prakanana ngadu'akeun tumpeng dina tradisi Hajat Sasih Mulud?
22. Di mana lumangsungna prosési ngadu'akeun tumpeng?
23. Naon fungsi pakakas anu dipaké dina numpeng?
24. Sabaraha jumlah bumi anu aya di kampung Naga?

### 3.4.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Instrumén panalungtikan dina ngolah data nyaéta ku cara milih hasil wawancara jeung ngaobsérvasi hasil wawancara sacara sitematis luyu jeung anu rék dipedar.

- 1) Instrumén Analisis Data Hasil Wawancara

**Tabél 3. 6**  
**Instrumén Analisis Data Hasil Wawancara**

| <b>Sejarah Tradisi Hajat Sasih Mulud</b>  |
|---|
| 1. Déskripsi sajarah tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Tradisi Hajat Sasih Mulud nyaéta salasahiji tradisi anu aya di Kampung Naga... |
| <b>Maksud jeung Tujuan Tradisi Hajat Sasih Mulud</b>  |
| 1. Maksud jeung Tujuan Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Tradisi Hajat Sasih Mulud miboga sababaraha maksud jeung tujuan, nyaéta...   |

| <b>Prak-prakan Tradisi Hajat Sasih Mulud</b> |   |
|--|---|
| 1.   | Prak-prakan tradisi Hajat Sasih Mulud<br>Déskripsi: Prak-prakan tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga kabagi kana sababaraha bagéan nyaéta... |
| 2.   | Pra Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Tradisi Hajat Sasih Mulud dimimitian ku diayakeunna sawala...                         |
| 3.   | Prak-prakan nalika lumangsungna Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Lumangsungna kagiatan Tradisi Hajat Sasih Mulud nyaéta... |
| 4.   | Pasca Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Sarengséna ngadu'a babarengan, aya hiji jalma anu...                                |

| <b>Sémiotik dina Tradisi Hajat Sasih Mulud</b> |   |
|--|---|
| 1.   | Ikon dina Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Ikon mangrupa tanda anu hubungan antara pananda jeung....             |
| 2.   | Indéks dina Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Indéks mangrupa tanda anu nuduhkeun ayana hubungan sabab akibat.... |
| 3.   | Simbol dina Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga<br>Déskripsi: Simbol mangrupa tanda anu nunjukkeun ayana hubungan...              |

2) Instrumén Nyusun Bahan Ajar

**Tabél 3. 7**  
**Kritéria Bahan Ajar**

| No. | Kritéria Milih Bahan Ajar                     |
|-----|---|
| 1.  | Tujuan anu dihontal                           |
| 2.  | Mibanda ajén pikeun kahirupan manusa          |
| 3.  | Mibanda ajén pikeun warisan ka generasi ngora |
| 4.  | Mibanda guna pikeun nambah wawasan paélman    |
| 5.  | Luyu jeung pangabutuh sarta minat siswa       |

**Tabél 3. 8**  
**Nyusun Bahan Ajar**

| <b>Nyusun Bahan Ajar</b>  |
|---|
| 1) Judul: Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga   |
| 2) Eusi: <ul style="list-style-type: none"><li>a. Déskripsi Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga</li><li>b. Prak-Prakan Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga</li><li>c. Ciri-ciri Kabudayaan anu aya dina Tradisi Hajat Sasih Mulud di Kampung Naga</li></ul> |
| 3) Bahan Évaluasi: <ul style="list-style-type: none"><li>a. Soal Pilihan Ganda (PG)</li><li>b. Soal Essay</li></ul>   |